QORAQALPOĠISTON RESPUBLIKASI BÓZATOV TUMANI HOKIMINING Q A R O R I

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ BOZATAW RAYONÍ HÁKIMINIŃ SH E SH I M I

Bózatov tumani 230510, A.Temur kóchasi, 10-uy

Bozataw rayonı 230510, A.Temur kóshesi, 10-jay

23 - may 2021 jıl 05-467-sanlı Bozatawrayonı

**Бозатаў районы ҳәкиминиң ескирген ҳәм өз әҳмийетин жоғалтқан норматив түстеги қарарларын бийкар етиў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өз әҳмийетин жоғалтқан нызамшылық ҳүжжетлерин қайта көрип шығыў дизимин жолға қойыў арқалы мәмлекетте исбилерменлик орталығын жақсылаў ис-илажлар туўрысында»ғы 2020-жыл 27-сентябрь күнги ПФ-6075-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 5,25-статьясына тийкар

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Ń:

1.Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 27-сентябрдеги ПФ-6075-санлы Пәрманында 2021-жыл 1-июньға шекем жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органларының ескирген ҳәм өз әҳмийетин жоғалтқан норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерин бийкар етиў илажларын көриў белгиленгенлиги инабатқа алынсын.

2.Бозатаў районы ҳәкими тәрепинен қабыл етилген ескирген ҳәм өз әҳмийетин жоғалтқан норматив түстеги шешимлер қосымшаға муўапық өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

3. Мәлимлеме хызмети (Н.Дауенова) усы шешим рәсмий түрде жәрияланыўы ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтына жайластырылыўы тәмийинленсин.

4. Усы шешим рәсмий жәрияланғаннан кейин күшке киреди.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў ҳәкимниң биринши орынбасары Д.Кайыповқа жүклетилсин.

**Бозатаў районы ҳәкими:** **М.Кайпанов**

QORAQALPOĠISTON RESPUBLIKASI BÓZATOV TUMANI HOKIMLIGI KANCELYARIYA BÓLIMI QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI BOZATAW RAYONI HÁKIMIYATI

KÓSHIRMESI DURÍS

Бозатаў районы хәкиминиң
2021-жыл «23» mart күнги
05-467 санлы шешимине
қосымша

**Бозатаў районы хәкиминиң өз күшин жоғалытқан деп белгиленген айырым шешимлериниң**

**ДИЗИМИ**

1.Районда «2020-жылда жумыссыз деп табылған пукараларды жумысқа орналастырыў, жәмийетлик жумысларға қатынастырыў ҳаққында»ғы 03.13.2020-жылғы 03-134/1-санлы қарары.